

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan hiji masyarakat, ka asup budaya masarakat Jawa Barat, henteu *stagnan* tapi *dinamis*, nu hartina bisa robah ku kamajuan jaman, robahna niléy-niléy budaya masarakat Jawa Barat di kasang tukang ku kamajuan téhnologi, informatika jeung komunikasi (TIK) atawa éra globalisasi. Robahna jaman aya nu sipatna positif teu saeutik nu sipatna negatif. Parobahan ieu gé mangaruhan kana sistem méré ngaran hiji wilayah (toponimi) di Jawa Barat. contona, tina méré ngaran tempat sacara *tradisional* barobah jadi méré ngaran sacara istilah asing, teu saeutik patempatan di Jawa Barat nu ngagunakeun istilah asing. Padahal dina toponimi ngandung ajén-ajén kahirupan jeung *filosofi* anu jadi cicirén basa daérah.

Jaman kiwari gé masarakat Sunda teu saeutik nu geus teu wanoh kana sajarah atawa asal-muasal ngaran tempat anu dicicinganana. Nu jadi sabab kolot-kolotna henteu nyaritakeun deui ka budak-budakna, antukna carita jadi pegat tur budakna teu apal sajarah atawa asal-muasal tempat nu dicicinganana. Carita rayat téh ka asup kana wanda folklor lisan, sabab sumebarna sacara lisan.

Istilah folklor sacara etimologis asalna tina kecap *folk* nu hartina sarua jeung koléktif atawa kumpulan/sakumpulan, jeung *lore* nu hartina tradisi (turun-turun), jadi nu disebut folklor nya éta sékésélér koléktifitas kabudayaan nu diwariskeun sacara turun-turun jeung tradisi dina rupa-rupa vérsi boh nu wangun lisan jeung non lisan (Dananjaja, 2007, kc. 1-2).

Dumasar kana wangenan di luhur, folklor téh nya éta salasahiji budaya nu miboga ciri khas, sarta lahir ti masarakat sacara koléktif jeung sipatna turun-turun. Nu kaasup kana folklor di antarana: basa, kapercayaan, kasenian, dongéng (carita rayat) jsb. Sababaraha folklor éta bisa ka golong kana folklor lisan, folklor satengah lisan jeung folklor non lisan, gumantung kana prosés sumebarna. Carita rayat bisa disebut salah sahiji folklor lisan sabab geus hirup dina sababaraha generasi.

Rusyana (dina Hidayat, 2011, kc. 21) nétélakeun yén carita rayat nya éta carita anu diturunkeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi séjenna. Carita rayat sipatna anonim, nya éta teu dipikanyaho saha pangarangna, ku sabab éta carita geus ngaliwatan prosés parobahan ti nu nyarita jeung nu ngaregepkeun tan wates wangen. Hiji carita rayat (sasakala) aya patula-patalina jeung sistem méré ngaran hiji tempat (toponimi), teu saeutik ngaran tempat di Tatar Sunda nu aya patula-patalina jeung sasakala.

Istilah toponimi, asal kecapna atawa sacara etimologisna tina basa Yunani *topoi* hartina "tempat" jeung *onama* hartina "nama" jadi sacara harfiah toponimi miboga ma'na "ngaran tempat". Tina hal ieu, toponimi bisa diartikeun salaku cara méré ngaran hiji wilayah/tempat. (Sudaryat, 2015, kc. 51 )..

Dina sistem méré ngaran hiji tempat (toponimi) pasti aya pangaruh ti aspék sabudeureunana, boh ti aspék fisik jeung non fisik (aspék sosial jeung kultural). Aspék fisik ngawengku tilu unsur nya éta unsur hidrologis, unsur géografis, jeung unsur biologis (flora jeung fauna). Panalungtikan toponimi dumasar carita rakyat ngandelkeun carita nu sumebar ti masyarakat jeung bukti anu ngarojong kana éta carita, boh éta aspék fisik boh aspék non-fisik, teu dumasar kana mitos nu aya di masarakat wungkul (Kosasih, 2009, kc. 3)

Dina ieu panalungtikan maluruh jeung medar toponimi ngaran-ngaran curug di wilayah Purwasuka (Purwakarta, Subang, Karawang) dumasar sasakala (carita rayat). Pikeun kapentingan ieu panalungtikan, baris dipaké istilah Purwasuka pikeun ngagambarkeun wilayah Purwakarta, Subang jeung Karawang. Curug nu kapanggih di wilayah Purwasuka nu miboga sasakala (carita rayat) téh aya tujuh belas Curug di antarana: di Purwakarta aya Curug Cipurut, Curug Ciséoh, Curug Gandasoli, Curug Panembahan. Di Subang aya Curug Cijalu, Cimuja, Curug Cilampér, Curug Cikondang, Curug Gua Badag, Curug Karémbong, Curug Sadim, Curug Saga, Curug Pamandian Tuan. Di Karawang aya Curug Bandung, Curug Cigentis, Curug Panundaan, Curug Peuteuy.

Hasil panalungtikan ngeunaan toponimi hiji tempat kawilang loba. Contona: "*Ngaran-Ngaran Patempatan (Tonponimi) Di Kecamatan Tanjung Kerta Kabupatén Sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Local di SMP*" ku Arief Wangsa Putra (2008), "*Toponimi*

*Di Kecamatan Cibeber Kabupatén Cianjur Dumasar Carita Rakyat Pikeun Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Ai Salsiah (2009)*

Kacida pisan pentingna pikeun ngaguar jeung maluruh asal-muasal ngaran tempat wisata Curug nu aya di Purwasuka nu udaganana pikeun méré informasi jeung ngawanohkeun deui carita asal-muasal ngaran curug di wilayah Purwasuka. Ku kituna, ngaliwatan ieu panalungtikan, panalungtik miboga karep pikeun ngaguar leuwih jero ngeunaan toponimi curug di wilayah Purwasuka.

Dumasar kana pedaran di luhur, ngeunaan toponimi ngaran-ngaran curug di wilyah Purwasuka teu acan aya nu nalungtik. Ku kituna perlu pikeun ngayakeun panalungtikan nu judulna *Toponimi ngaran- ngaran Curug di Wilayah Purwasuka (Purwakarta, Subang, Karawang) dumasar Carita Rayat*.

## **1.2 Rumusan masalah**

- a. Kumaha asal-usul ngaran-ngaran curug nu aya di wilayah Purwasuka dumasar kana carita rayat?
- b. Naon nu jadi dasar katut aspék munculna ngaran-ngaran curug di wilayah Purwasuka dumasar kana carita rayat?
- c. Kumaha pola toponimi nu dipaké dina cara méré ngaran curug di wilayah Purwasuka dumasar carita rayat?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nya éta pikeun mikanyaho, ngadata (inventarisir) jeung maluruh carita rayat ngeunaan ngaran-ngaran Curug di wilayah Purwasuka.

Sacara husus ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis tilu hal, nya éta:

- a. asal-usul ngaran-ngaran curug nu aya di wilayah Purwasuka dumasar kana carita rayat.
- b. dasar katut aspék munculna ngaran-ngaran curug di wilayah Purwasuka.
- c. pola toponimi nu dipaké dina cara méré ngaran curug di wilayah Purwasuka.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Manfaat Téoritis**

Mangpaat ieu panalungtikan, sacara teoritis miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan, sarta pikeun aprésiasi budaya hususna dina widang folklor, utamana dina widang toponimi.

### **1.4.2 Manfaat pikeun Kawijakan**

Toponimi ngeunaan hiji tempat atawa wilayah mangrupa salah sahiji kabeungharan budaya anu tepi ka kiwari masih aya, malah geus jadi hiji warisan budaya nu kudu dipertahankeun. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun kahayang katut kareteg masarakat sangkan bisa mikanyaho kana sistem méré ngaran hiji tempat atawa wilayah.

### **1.4.3 Manfaat Praktis**

Mangpaat ieu panalungtikan sacara praktis, bisa nambahan élmu pangaweruh ngunaan toponimi curug di wilayah Purwasuka, sarta sangkan masarakat séjén luar daérah Purwasuka bisa apal kana sajarah curug nu aya di wilayah Purwasuka.

### **1.4.4 Manfaat pikeun Isu sarta Aksi Sosial**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi informasi jeung gambaran ngeunaan kumaha sajarah ayana ngaran-ngaran curug di wilayah Purwasuka sacara jelas, sarta dipiharep bisa jadi motivasi pikeun saha waé anu hayang apal kana sagala rupa kabeungharan budaya anu aya di wilayah Purwasuka. Utamana sasakala ngeunaan ngaran-ngaran curug.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan miboga pungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti anu dipedar ieu di handap

Bab I eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan

husus, manfaat panalungtikan anu dibagi jadi mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, mangpaat pikeun kawijakan, mangpaat pikeun isu sarta aksi sosial jeung raraga nulis skripsi

Bab II eusina ngajéntrékeun ngeunaan téori-téori nu ngadadasaran panalungtikan, sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Ieu bab disebut kajian pustaka, anu eusina panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu ditalungtik jeung téori-téori, sarta hasil panalungtikan nu geus aya saméméhna nu ditalungtik ku paraahli

Bab III eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan, nya éta ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrument panalungtikan, sumber data.

Bab IV eusina ngeuna analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II

Bab V eusina mangrupa kacindekan jeung saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan saterusna. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rekomendasi ka pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, pikeun ayana lajuninglaku keur panalungtikan saterusna.